



Dlo ak bêt lanmè ki kontamine ak Bakteri Vibriyo

Vibriyo a se yon seri bakteri ki ka lakòz plizyè maladi. Manje bêt nan lanmè ki pa kuit oswa ki pa byen kuit, sitou zuit, oswa sèvi ak dlo ki kontamine, kapab bay pwoblèm sante tankou malady gastwo-entestinal, enfeksyon nan blese, ak septisemi, yon enfeksyon nan san. Chanjman klimatik la ogmante risk inondasyon epi lakòz ogmantasyon tanperati dlo lanmè a sa ki ka ogmante kantite bakteri vibriyo yo nan dlo lanmè yo.

Ki moun ki plis an danje?

- Moun ki gen plis pase 65 lane
- Timoun ki pokò gen 5 lane
- Moun ki ansent
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb
- Moun ki gen maladi fwa oswa Talasemi
- Moun ki manje bêt nan lanmè, sitou zuit
- Moun ki pran medikaman pou diminye nivo asid nan lestomak, tankou anti-asid



Kisa nou kapab fè nan ka sa a?

- Konnen siy enfeksyon vibriyo yo: dyare, kramp nan lestomak, kè plen, vomisman, ak frison
- Evite mouye gwo blese oubyen ti blese ou genyen yo nan dlo lanmè ki tyèd
- Chèche swen medikal si w gen nenpòt nan siy sa yo aprè ou fin manje yon bêt nan lanmè oubyen aprè ou fin an kontak ak dlo ki kontamine
- [Aprann plis sou bakteri vibriyo](#)



W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health